SEJARAH DESA CIGELAM

Cigelam diwangun ku dua kecap nyaeta “Ci” nu hartina cai jeung “gelam” nu hartina pangangonan atawa tempat anu lega, Jadi Cigelam bisa dihartiken cai nu aya di tempat anu lega. Hal ieu saluyu jeung kondisi Desa Cigelam anu jadi Desa pangelegana sa Kecamatan Babakancikao anu ngabogaan luas 970 hektar.

Numutkeun sejarah Purwakarta, Pupuhu Desa Cigelam nu mimiti nyaeta Bapa Erpol.Anjeuna ngaluluguanan Desa Cigelam ti taun 1929 waktu jaman penjajahan Belanda. Kapimpinan Desa Cigelam dituluykeun ku Bapa Napsir, Bapa Endun sareng Bapa Umsin. Dina periode kapamimpinan ieu (Bapa Erpol dugi ka Bapa Umsin) teu dilakukeun pemilihan Kepala Desa sakumaha ilahar ayeuna.

Taun 1973 minangka dimimitianna pemilihan ku cara mufakat Kepala Desa di Desa Cigelam. Anu janten Kepala Desa nyaeta Bapa Lurah Samin Sutisna anu ngajabat ti taun 1973 nepi ka tahun 1989. Harita wewengkon Desa Cigelam kaitung Desa Cigelam ditambah Desa Mulyamekar kiwari. Bale Desana aya di kampung Cikopak RW 02 anu ayeuna jadi Rumah Makan Sate Rusti.

Tahun 1981 Desa Cigelam dimekarkeun jadi 2 Desa, nyaeta Desa Cigelam jeung Desa Mulyamekar. Dua Desa ieu asup ka wilayah pamarentahan Kecamatan Purwakarta harita. Desa Cigelam dipimpin ku Bapa Samin Sutisna Sedengkeun Desa Mulyamekar dipimpin ku Bapa SOIM, kusabab bangunan Bale Desa Cigelam harita aya di wilayah pamarentahan Desa Mulyamekar, Bapa Samin Sutisna jeung tokoh masyarakat Desa Cigelam rempug jukung sauyunan mindahkeun Bale Desa Cigelam ka wilayah Desa Cigelam nyaeta di RT 011 RW 002 ayeuna, di tanah milik PT Perhutani. Bale Desa Cigelam nu anyar mimiti diwangun bulan April 1982 tuluy digunakeun pikeun gawe pamarentahan jeung pelayanan masyarakat bulan Oktober 1982. Salila pangawangunan bale Desa nu anyar, Bapa Samin Sutisna ngalaksanakeun gawe Pamarentahan di bumi anjeunna.

Pamarentahan Desa Cigelam satuluyna dipimpin ku Bapa Subita (1989-1991), Bapa PJS Tatang Idas (1991-1994), Bapa Cecep Hasanudin (1994-2002). Nalika taun 2002, Wilayah Kecamatan Purwakarta dipecah jadi 2 Kecamatan, Purwakarta Jeung Babakancikao. Desa Cigelam kaasup ka wilayah Kecamatan Babakancikao,hharita nu jadi pamimpin Desa Cigelam nyaeta Ibu Eneng Julaeha anu ngajabat salila 2 periode, nyaeta ti taun 2002 nepi ka 2013. Saatos Ibu Eneng Julaeha pamimpin Desa Cigelam diluluguanan ku Bapa Suningrat (2013-2019).

Saluyu jeung aturan Pamarentah ngeunaan Pemilihan Kepala Desa Serentak, taun 2019 Desa Cigelam kudu dipimpin ku Pejabat sementara. Anu jadi Pejabat Sementara Kepala Desa Cigelam harita nyaeta Bapa Endang Suhendi (2019-2021). Hasil pemilihan Kepala Desa serentak Desa Cigelam periode 2021-2027. Diperiode kapamimpinan Ibu Hj. Titin Siti Fatimah, Desa Cigelam ngagaduhan Visi “CigelamNgaronjat”. Visi ieu mangrupakeun kapondodok tina “Ngawangun Atas Rojongan Masyarakat”. Hartina sagala pangwangunan nu bakal aya di Desa Cigelamdumasar karna kabutuhan tur partisipasi rahayat Desa Cigelam sadayana. Dina raraga ngawujudkeun visi Cigelam Ngaronjat.